



## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Satuan Pendidikan : SMA Negeri 1 Pulung  
Kelas/ Semester : XI/ Ganjil  
Tema : Puisi Berbahasa Jawa (Geguritan)  
Sub Tema : Struktur Teks Geguritan  
Pembelajaran ke : 1  
Alokasi Waktu : 10 Menit

### A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Setelah mengikuti proses pembelajaran, peserta didik diharapkan dapat menganalisis struktur teks geguritan.

### B. KEGIATAN PEMBELAJARAN

KEGIATAN	KEGIATAN PEMBELAJARAN	ALOKASI WAKTU
Kegiatan Awal	<ol style="list-style-type: none"><li>1. Guru membuka pelajaran dengan memberi salam dan mengajak siswa berdoa bersama (Religiusitas)</li><li>2. Guru memeriksa kebersihan kelas dan kehadiran siswa (Tanggung Jawab dan Disiplin)</li><li>3. Guru dan siswa menyanyikan lagu Indonesia Raya (nasionalisme)</li><li>4. Guru melakukan apersepsi dengan mengajak siswa bertanya jawab sedikit tentang geguritan</li><li>5. Guru menyampaikan kompetensi yang akan dicapai, yaitu menganalisis struktur teks geguritan</li></ol>	2 Menit
Kegiatan Inti	<ol style="list-style-type: none"><li>1. Guru menayangkan sebuah teks geguritan</li><li>2. Guru dan siswa berdiskusi/ bertanya jawab tentang ciri-ciri geguritan</li><li>3. Siswa mengumpulkan informasi dari berbagai sumber</li></ol>	6 Menit

	<p>mengenai struktur geguritan</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>4. Guru dan siswa menganalisis struktur lahir dan batin dari teks geguritan yang telah disajikan</li> <li>5. Guru membagi siswa menjadi beberapa kelompok</li> <li>6. Berdasarkan informasi yang telah dikumpulkan, setiap kelompok menganalisis struktur geguritan yang dibagikan oleh guru</li> <li>7. Siswa membacakan hasil kerja kelompoknya untuk dibahas bersama teman yang lain.</li> <li>8. Guru memberikan LKPD kepada siswa</li> </ol>	
Penutup	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Guru memberikan kesempatan pada siswa untuk bertanya</li> <li>2. Siswa bersama dengan guru menyimpulkan materi yang telah dipelajari</li> <li>3. Guru memberikan penguatan dan kesimpulan</li> <li>4. Guru melakukan penilaian</li> <li>5. Guru mengakhiri pembelajaran dan mengucapkan salam</li> </ol>	2 Menit

### C. PENILAIAN PEMBELAJARAN

#### Teknik Penilaian

a. Sikap (Spiritual dan Sosial) : Observasi (Jurnal)

b. Pengetahuan : Tes Tertulis

c. Keterampilan : Kinerja kelompok dan kinerja individu

Mengetahui,  
Kepala SMAN 1 Pulung

Ponorogo, 17 Juli 2021  
Guru Mata Pelajaran

**Dr.H.Suroso, M.Pd**  
**NIP.19700208 199908 1 008**

**Fenty Yensa Maxzella, S.Pd**  
**NIP.-**

## Lampiran:

### LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

#### Pangudarasa

Dhuh ngger anak putu, kaningaya temen kahananmu,  
Wruh jagad gumelar kasunyatanane katon nganggo sandhangan wae mung kari sesigar,  
Antuk pangan keh wisa kebak welar,  
Wruh papan paturon mung kari sagalar,  
Ngudi kawruh tansah sabar, saka akehe sesanggan mbayar,  
Mburu ilmu akeh kang kesasar,  
Adeging jujur gondheling mayar, mayare kareben lancar,  
Entek-entekane ing mburi dum-duman bayar,  
Pambangunane praja sedhela wus ambyar, lupute mundur ya buyar,  
Kang karancang gagar wigar tanpa karya,  
Panguripan mapane anguber kalungguhan nganti nekat gelem,  
Sikut-sikutan, dhupak-dhupakan,  
Eling den eling,  
Sabegja-begjane wong lali isih begja wong kang eling lan waspada.

#### Adhedhasar teks geguritan kasebut wangsulana pitakonan-pitakonan ing ngisor iki!

- a) Kepriye tata rakite (*fisik* lan batin) teks geguritan kanthi judhul “Pangudarasa” kasebut? Jlentrehna kanthi cetha!
- b) Tegesana tembung-tembung angel kang tinemu ing sajrone geguritan kasebut kanthi njangkepi ceceg-ceceg ing ngisor iki!
  - (1) kaningaya : .....
  - (2) gumelar : .....
  - (3) sesigar : .....
  - (4) wisa : .....
  - (5) welar : .....
- c) Sawise negesi tembung-tembunge, andharna isine teks geguritan kasebut nganggo basamu dhewe!

## TUGAS KELOMPOK

Nama Anggota Kelompok:

- 1.
- 2.

**Pilih salah satu saka geguritan ing ngisor iki banjur goleka struktur lair lan struktur batine!**

### Ature Simbah

Carang-carang kang aking  
Amarga tanpa tumuruning tirta amerta  
Nalika tiba ing titi wanci ketiga ngerak iki  
Jun – jun kang sumendhe wis asat kawit wingi – wingi  
Sambat tangis anggegirisi sumebar  
Ing salumahe bawana  
Jebul bener ature simbah wingi  
Aja kok ganti rambute bumi kanthi wesi kang njangkar bumi  
Banjur saiki coba delengen  
Ijo royone gunung kidul omah kae  
Kaganti dening jangkar – jangkar  
Kang ndadekake bumi mranggas kaya dina iki

### Wis Dakjumpu Tatu-Tatu

Wis dakjumpu tatu-tatu  
sawane dalan sawane latar  
nalika pang-pang semi lan  
trubus padha pepes  
suket-suket gumerit njerit  
kepidak ketumbak, gumlundhung  
pating glinting pating gluntung  
gusti-gusti  
saben dina dakrungu sandiwara, ing koran  
radhio lan televisi  
bakul jamu nganggo dhasi dodolan impen  
lan jampi-jampi  
gusti, gusti  
kamardikan iki duweke sapa?  
nalika cangkem-cangkem padha dibungkem  
lan ukara-ukara wis dikunjara  
kabeh wis kepidak ketumbak  
wis dakjumpu tatu-tatu  
sawane dalan sawane ratan

lan nalika iku  
isih ana ukara kang kesingsal:  
delengen, mbesuk yen ing imbang wetan  
ana lintang sungsang  
wolak-walike jaman bakal  
ngunyerake kamardikan lan kabebasan  
dadi panah-panah saka pakunjaran

### **DONYA WIS LUNGSE**

Muyeg saemba pasar  
Ala becik mapan digelar  
Lamun luput nitingi  
Ora mokal ati keplantrang  
Kaya ngoyak playune ayang-ayang  
Ndeder kang bisa dibayangake  
Luwih ndeder kanyatane  
Kekitrang  
Kaya prau kelangan layar  
Wuta wektu, wuta dunung  
Lumaku tanpa papan katuju  
Apa sejatine ngaurip  
Yen ta sakeh daya  
Prasasat nglari susuhe angin  
Esuk sore lan wengi  
Dadi liturgi kang dilakoni  
Tanpa ati  
Lan rasa .....

Sansaya kangelan maca tandha-tandha jaman  
Segara wedhi  
Sajake padha kelalen  
Donya wis watara lungse  
Kari ngenteni  
Tancep kayone